


# MANYÈL

pou Paran ak Gadyen

Byenvini



Kristi House Sant Sipò Pou Timoun Yo



# Non ak Nimewo pou Kontak

Tanpri ekri non kontak ak nimewo telefòn nan paj sa a.



**Family Advocate/Case Coordinator  
DEFANSÈ FANMI/KOWÒDONATÈ SWEN:**

---

**Therapist**

**TERAPIS:**

---

**Department of Children and Families**

**DEPATMAN TIMOUN AK FANMI:**

---

**Child Protective Investigator**

**ENVESTIGATÈ PWOTEKSYON TIMOUN:**

---

**Assistant State Attorney**

**ASISTAN AVOKA LETA:**

---

**Guardian ad Litem**

**GADYEN AD LITEM:**

---

**Detective**

**DETEKTIF:**

**KRISTI HOUSE:** 305-547-6800 • [kristihouse.org](http://kristihouse.org)

*Timoun yo ak paran yo dekri nan manyèl sa a se aktè, yo pa kliyan aktyèl konpayi a.*

# BYENVENI NAN KRISTI HOUSE KAP DEFAN-N TIMOU-N NAN



Mou-n kap travay nan Kristi House yo  
devwe pou yo respekte, onore,  
pwoteje ak geri Timou-n ak fanmi ki  
frappe pòt kay nou.



Ou menm ak pitit ou a isit la  
akòz enkyetid sou  
abi posib oswa lòt  
eksperyans twomatik (yo).

## Bi Nou yo:

- Chèche kon-nen ki sa ki te rive Timou-n ou-an
- Repon-n tout kesyon ou men-m ak pitit ou ka genyen
- Asiste ou men-m ak piti ou nan pwosesis legal, medikal, ak pwoteksyon-an
- Ede ou jwen-n nenpòt sèvis ou men-m ak pitit ou bezwen pou geri

*Tout sèvis Kristi House Children's Advocacy Center  
ofri 100% gratis pou timoun ak fanmi yo.*



# Responsabilite ak Dwa Kliyan yo

1. Nan sa ki gen pou wè ak bay kliyan li yo sèvis, Kristi House p ap fè diskriminasyon kont okenn moun poutèt ras, koulè, relijyon, laj, sèks, andikap, estati sivil, oryantasyon seksyèl, peyi orijin nasyonal, oswa kapasite pou peye. Kliyan oswa moun ki responsab yo ka pote yon plent dirèkteman nan Depatman Timoun ak Fanmi Florida a si yo kwè gen moun ki te fè diskriminasyon sou yo, sa ki se yon vyolasyon Tit VI la.
2. Kliyan nou yo ou byen gadyen yo kapab jwen-n nou soti 8:30 nan maten rive 5:00 nan aprè midi, Lendi a Vandredi. Aprè biwo fèmen kliyan nou yo ka kite mesaj epi nou va retounen apèl yo osito ke posib.
3. Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou yo patisipe epi poze kesyon sou tout sèvis ke nou plani-fye ou byen bay.
4. Kliyan nou yo oswa moun ki responsab yo gen dwa pou refize tretman. Nou dwe enfòme lòt pwofesyonèl ki enplike yo, epi fèmen dosye a.
5. Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou yo di yo si pwogram nan pa ka bay sèvis e pou yo resevwa enfòmasyon sou lòt kote yo ka jwen-n sèvis.
6. Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou enfòmasyon yo rete an sekrè. Se sèlman avèk kon-sant-man yo nou kapab bay enfòmasyon yo, si yon tribinal ban nou lòd pou sa, ou byen si nou sispek ke kliyan nou an danje, kapab fè tèt li mal, ou byen yon lòt mou-n.
7. Kliyan nou yo dwe retire tout Responsabilite ak Chay sou do nou si y ap pale ak oswa pataje ak medya yo nenpòt enfòmasyon ki gen rapò ak dosye yo epi oswa sèvis Kristi House, Inc ap ofri yo.
8. Kliyan nou yo gen dwa pou revize dosye yo jan prensip Kristi House mande sa-a.
9. Kliyan nou yo ou byen gadyen yo gen dwa pou yo refize tretman. Sepandan, fo ke nou mele lòt pwofesy-onèl ladan ni epi fèmen kes la.
10. Gadyen kliyan nou yo responsab byenèt ak sipèvizy-on Timou-n yo pandan yo nan sant la. Anplwaye yo gen dwa pou yo anile ou byen refè yon randevou pou kliyan ki mete lòt kliyan ou anplwaye an danje blesi ou maladi.



Nan Kristi House, nan nou chanse pou nou gen yon ekip pwofesyonèl ki byen prepare ki rankontre chak semèn pou bay repons a rapò sou abi Timou-n sibi.

Children's Advocacy Center gen yon branch envestigasyon ak yon branch sèvis. Branch envestigasyon an gen ladan l'espésyalis ki soti nan Biwo Pwokirè Eta a, Depatman Timoun ak Fanmi, ak lapolis pou sitiyasyon sa yo kote yon dosye legal ap pouswiv. Se Kristi House ansanm ak Defansè epi Terapet Fanmi li yo ki ap jere branch sèvis la epi se yo ki konsantre sou ed y ap bay pitit ou a pou l'geri emosyonèlman..

## Mou-n kap fè Entèvyou Forensik:

Mou-n kap fè entèvyou ou forensic la va fè entèvyou pou chache konnen lè fè avèk Timou-n ki gen ant 3 e 11 zan ki swa te vik-tim ou byen te temwen yon krim. Li va fè entèvyou avèk ou e avèk pitit ou pou li ka chèche kon-n Sak te pase. Entèvyou sa yo fèt nan yon fason ki pa fè Timou-n pè. Entèvyou sa yo tepe sou video e sa va sèvi pou redwi kantite fwa pitit ou va gen pou-l bay enfòmasyon e pou asiste envestigasyon-an avèk pwosè ka.



## Espesyalis Angajman Fanmi:

Espesyalis sa yo la pou esplike tout sèvis gratis ki disponib pou pitit ou oswa timoun adolesan ou a nan Kristi House ak patnè li yo nan Children's Advocacy Center. Espesyalis Angajman Fanmi yo la pou reponn nenpòt kesyon ou genyen pou w ka jwenn èd ekspè fanmi w bezwen an.

*Silvoouplè Ede nou pwoteje Timou-n ou yo epi refè randevou si Timou-n ou yo malad.*



## Avoka Leta-a/ Komisè Gouvè-nman:

Komisè gouvè-nman-an dirije ekip la e se li ki pran dènye desizyon-an pou sa ki konsène akizasyon ki dwe fèt yo. Yo fè depozisyon, aranje davans konferans ak lòt reyinyon ki an rapò avèk desizyon sou pwosè-a. Gen plizyè bagay ki ka afekte desizyon pou mete akizasyon yo. Bagay sa yo enkli laj ak matirite Timou-n nan, si wi ou non akize-a konfese, prezans evidans medikal, e si wi ou non gen lòt temwen.

## Ofisyè la Polis:

Miami gen plizyè depatman polis. Sa ki pi gwo yo se Depatman Lapolis Kawonti Miami- Dade ak Depatman Lapolis Vil Miami-an. Men, plizyè zòn nan Miami-an gen pwòp depatman yo, Lekòl Piblik Miami- Dade yo se yon-n nan yo. Yon ofisyè nan depatman ki nan zòn ou-an va fè entèvyou avèk Timou-n yo, paran ki pa mele nan zak la, mou-n yo sis-pèk yo, ak lòt temwen, e li va rasanble evidans nan plas kote zak la te fèt la.

## Konseye Temwen Viktim nan:

Konseye temwen vik-tim nan se yon pwofesyonèl nan biwo avoka leta-a ki kowòdone preparasyon pou tribinal la, ede viktim yo ak famili yo konpran-n pwosesis legal la, epi bay lòt sèvis enpòtan a viktim yo ansan-m ak fanmi yo.





## Gadyen ad Litem

Yon Gadyen ad Litem (GAL) se yon volontè ki resevwa fòmasyon espesyal ke tribinal la ka deziye pou reprezante ptit ou-a pandan pwosesis legal la. GAL la va eksplike ptit ou-a tout pwosesis legal, e li va ede ou ak ptit ou-a pou nou ka fè fas a krim nan ansan-m ak pwosè kriminèl la. Yon GAL kapab prezan o non de ptit ou-a diran nenpòt sa kap fèt, depi yo ka fè rekòmandasyon bay tribinal la, e ke yo ka mande pase lòd pou pwoteje ptit ou-a.



## Depatman Timoun ak Fanmi Envestigatè Pwoteksyon Timoun:

Wòl Depatman Timou-n ak Fanmi-a se pwoteje ptit ou. Envestigatè pwoteksyon-an fè entèvyou e devlope plan sekirite. Yo ka voye ou men-m ak ptit ou-a al pran konsèy.

## Doktè-a:

Isit la Kristi House nan nou travay nan zepòl kole avèk Ekip Pwoteksyon Timou-n nan pou ofri konsiltasyon medikal pou Timou-n ki te devwale ke yo te sibi abi depi plis pase 72 èd tan.

Pou Timou-n ki te devwale abi ki te pase nan yon dat pi resan, ou byen pou ka dijans, yo konsilte Timou-n yo nan Sant Roxy Bolton pou trete mou-n ki isbi kadejak ki nan Lopital Medikal Jackson nan. Nan konsiltasyon pou abi seksyèl la yo fè yon Tyèkòp nòmal kote yo elaj pati prive-a. Elajisman-an fèt a lèd de yon enstriman yo rele Koulposkòp. Yo kapab fè yon priz nan pati prive-a tou. Konsiltasyon sa-a pa ta dwe bay pwoblèm ou byen fè mal. Pi fò nan Timou-n ki sibi abi seksyèl yo fè yon konsiltasyon nòmal ki fè ke ekip la pa bezwen konte sou konsiltasyon sa yo sèlman pou pwouve ke te gen abi. Konsiltasyon yo pèmèt doktè-a asire Timou-n nan ke kò li pa gen pwoblèm.



## Defansè Fanmi/ Kowòdonatè Swen:

Defansè Fanmi an, ki pote non Kowòdonatè Swen tou, kapab aji kòm lyezon pou tout lòt ajans ki loje nan sant la ak lòt ajans ki bay sèvis nan kominote a.

Defansè Fanmi an kapab refere timoun yo ak fanmi yo nan nenpòt sèvis yo ta ka bezwen, sa vle di terapi tou. Defansè Fanmi an ap pfri sèvis suivi pou asire fanmi an ap resevwa sèvis yo. Li ka ede reponn nenpòt kesyon ou kapab genyen.

## Terapis:

Pwofesyonèl Sante Mantal oubyen Terapis yo ki espesyalize nan travay ak Timou-n ki petèt te sibi abi seksyèl. Yo va ede ekip la deside kijan abi-a te afekte Timou-n nan ak fanmi li e ki sa ki ka fêt pou asiste yo pou yo ka geri anba sa yo te sibi nan eksperyans la.



*“Nan kòmansman an, pa gen anyen ki te fè m kwè oswa ki te konvenk mwen terapi ta ka ede pitit mwen an. Mwen te mal wè bagay yo. Mwen pa gen mo pou m eksprime rekonesans mwen. Mèsi epi Bondye beni nou tout.”*

- Yon paran



# Ki sa Abi Seksyèl ye?

*Abi Seksyèl se...*

- Nenpòt kontak seksyèl ant yon granmou-n ak yon Timou-n
- Kontak seksyèl ant 2 Timou-n kapab yon abi tou si gen yon gran diferans ant laj, devlopman, oubyen gwosè yo.
- Abi seksyèl vle di aktivite seksyèl avèk yon Timou-n kote ke pa gen ou byen pa ka gen konsantman.

## Tip de Abi Seksyèl

### Kontak Fizik

- Karese ou byen nenpòt touche ki pa apwopriye.
- Kadejak ou byen eseye fè kadejak.
- Sèvi ak yon Timou-n pou kreye pònografi.

### Konpòtman ki pa fizik

- Ekspoze kò nan yon fason ki pa desan
- Pale de sèks nan yon fason ki ka choke Timou-n
- Pèmèt Timou-n nan gade ou byen tandé zak ou byen materyèl seksyèl



# ETAP MOU-N KI FÈ ABI YO PASE POU YO PRAN TIMOU-N



Pi fò mou-n ki fè abi yo se gason, men fan-m ka abize timou-n tou. Mou-n ki fè abi soti nan tout gwoup laj, nivo salè ak ras. Le pli souvan yo gen anbisyon pou-vwa ou byen kontwol. Pafwa abi enkli izaj tafya ou dwòg ou byen lót fòm vyalans domestik. Mou-n ki fè abi yo sèvi ak plizyè taktik pou yo antre sou timou-n.

**Chache timou-n** – Jeneralman mou-n ki fè abi yo chwazi timou-n ki fasil pou abode (fanmi, zanmi, vwazen). Yo chache timou-n ki tou dou ou byen ki gen bezwen emosyonèl pou zanmitay e atansyon.

**Etabli zanmitay avèk timou-n nan** – Le pli souvan mou-n ki fè abi yo chache fason pou yo bati konfyans ak zanmi-tay avèk timou-n. Yo ka pase tan ap jwe avèk yo, ofri pou fè gadiyè pou yo, achte kado ou byen sirèt pou yo.

**Kraze resistans timou-n nan lè yap manyen li** – Mou-n ki fè abi yo kapab jwen-n fason pou manyen timou-n anpil. Yo kapab jwe jwèt ki gen anpil kontak fizik tankou fè so ou byen satouyèt. Le pli souvan timou-n yo tonbe nan konfizyon lè manyen-an devni seksyèl.

**Jwen-n fason pou izole yon timou-n** – Mou-n ki fè abi yo jwen-n ekskiz pou yo ka pou kont yo ak timou-n.

**Akize ou byen fè menas sou timou-n nan pou yo ka kenbe sekrè** – Mou-n ki fè abi yo kapab di bagay sa yo:

*"Ou kon-nen ou renmen jan-m manyen-w"*

*"Si wal pale sa mwen ka oblige pati"*

*"Si wal pale sa pa gen mou-n kap kwè-w"*

*"Ou pa ka al pale sekrè espesyal nou-an"*

***Mou-n ki fè abi yo soti nan tout gwoup laj, nivo salè ak ras.***

# Konpòtman Natirèl mou-n dwe Atan-n de Timou-n ki nan laj Elementè



- Poze kesyon sou pati prive, tete, zak seksyèl, bebe.
- Enterese gade mou-n nan douch
- Anplwaye mo "sal" pou sa mou-n fè nan twalèt, pati prive ak sèks.
- Fè tankou yo se doktè kap enspekte kò lòt mou-n.
- Ti gason ak ti fi enterese pou yo fè timou-n.
- Montre lòt mou-n pati prive yo.
- Enterese nan fè pipi ou tata.
- Touche/fwote pwòp pati prive yo lè yo pral dòmi, lè yo nève, kontan ou byen pè.
- Fè jwèt kay, tankou pran pòz yo se manman ou byen papa.
- Ti fi panse ke ti gason oswa ti gason panse ke ti fi bay kè tounen ou byen yo gen pou. Kouri dèyè yo.
- Pale de sèks avèk zanmi yo. Pale de genyen menaj.
- Pa vle mou-n wè yo lè yo nan twalèt ou byen lè yap chanje rad.
- Ren-men tandem ou byen bay blag sal.
- Gade foto toutouni.

# **Konpòtman Seksyèl Serye ke ou Dwe Chèche Èd Pwofesyonèl pou yo**

- Keson san sès konsènan sèks. Konesans seksyèl twòp pou laj.
- Refize kite mou-n pou kont yo nan twalèt.
- Kontinye anplwaye mo sal men-m lè yo mete yo deyò nan lekòl ou aktivite.
- Fòse yon lòt timou-n pou jwe doktè, pou wetire rad yo.
- Manifeste la perèz ou byen kolè osijè de bebe ou relasyon seksyèl.
- Refize mete rad sou yo. Kontinye ekspoze kò nan piblik malgre plizyè reprimand pou yo pa fè sa.
- Kontinye jwe ak tata. Pipi sou yo pa eksprè.
- Touche/fwote li an piblik ou an prive bagay ke timou- n nòmal pa fè. Mastibe sou mou-n ou sou lòt bagay.
- Eseye fè sèks ak lòt timou-n. Fòse lòt timou-n fè sèks. Rete toutouni.
- Anplwaye gwo mo kont fanmi lòt timou-n. Fè timou-n ki pa men-m sèks avèk yo ou byen ki pi piti pase yo mal.
- Pale anpil de sèks ak zak seksyèl. Toujou nan pwoblèm akoz de bagay seksyèl.
- Agresif ou byen kriye pou vi prive yo.





## Lòt Chòk Twomatis yo Trete nan Kristi House

**KRISTI HOUSE** la pou ede timoun ak fammi yo simonte evènman twomatik epi pou evite plis soufrans. Nou konnen kisa moun pase pou yo rive geri timoun, epi nou fè sa chak jou.

Nou bay timoun yo ak fanmi yo sèvis sante mantal epi selon rezulta nou yo, pa gen manti ladan l, epi sèvis sa baze sou prèv tou, sa ki pèmèt yo geri twomatis sa a epi kontinye ak lavi yo. Nan pifò ka yo, timoun ak jèn ki benefisyé tout tretman yo nan Kristi House yo vin pi djanm pase jan yo te ye anvan.

Nou espesyalize nan twomatis relasyon, sa vle di twomatis ki rive ant moun epi tou nan mitan relasyon yo. Yon evènman twomatik se yon evènman ki bay laperèz, ki danjere, oswa vyolan ki reprezante yon menas pou lavi yon timoun oswa entegrite kò l. Lè w temwen yon evènman twomatik ki menase lavi oswa sekirite fizik yon moun ou renmen, sa kapab twomatik pou ou tou. Sa a patikilyèman enpòtan pou timoun piti paske sans sekirite yo baze sou sekirite moun pwòch yo santi lakay yo.

Yon timoun sou de ap fè eksperyans youn oswa plis twomatis, tankou:

- Abi Seksyèl
- Abi Fizik
- Patnè Entim/  
Vyolans nan Kay
- Entimidasyon
- Abi sikolojik
- Vyolans nan  
kominote a
- Dezas natirèl
- Pèt twomatik ak  
Separasyon





# Lòt Chòk Twomatis yo Trete nan Kristi House

## ABI SEKSYÈL

Depi nan fondasyon li, Kristi House espesyalize l nan geri twomatis abi seksyèl lakay timoun selon jan yo dekri l nan paj anvan yo.

Nou ofri sèvis konplè tou pou jèn ki te sibi eksplwatasyon seksyèl komèsyal (yo rele tou trafik sèks timoun) atravè pwogram nou an, Project GOLD, ki te kòmanse nan lane 2007.

Kristi House te ofri sèvis li bay prèske 30,000 viktim abi seksyèl sou timoun, atak seksyèl ak trafik depi 1995. Mete sou sa, nou trete plizyè lòt kalite abi nan fason sa a.

## ABI FIZIK

Abi fizik se youn nan fòm move tretman sou timoun ki pi komen. Definisyon legal yo varye de eta a an eta, men an jeneral, abi fizik se lè yon paran oswa yon moun k ap bay timoun swen komèt yon zak ki lakòz yon blesi fizik sou yon timoun oswa adolesan, tankou mak wouj, koupe, mak, san kaye, antòch nan misk, oswa zo kase, menm si blesi a pa t yon bagay li te vle k rive.

Enpak abi fizik sou lavi yon timoun kapab rive byen lwen. Li espesyalman yon evènman ki ka detwi lè yon paran - moun yon timoun depann de li pou pwoteksyon ak sekirite - vin yon danje. Kòm rezulta, timoun oswa adolesan viktim yo kapab:

- Lite pou yo devlope epi kenbe amitye
- Pa fè moun ki gen otorite konfyans
- Soufri pou tèt yo gen mwens lanmou pou pwòp tèt yo epi yo bay tèt yo mwens valè, yo toujou ap blame pwòp tèt yo tou
- Montre anpil agresyon ak lòt pwoblèm konpòtman

Gen kèk timoun ki montre mwens reyakson, si genyen. Yo sanble pa bay sa régle anyen pou yo ankò si yon moun ap frape yo; yo pèdi kalite reyakson ki fè nou konn plede rete ap goumen pou pwoteje nou kont danje antanke moun. Timoun sa yo ka pa reyaji ak lòt danje tou. Sa a, se sa yo rele, "detrès pwogramme."

Anksyete souvan parèt lakay yon moun lè abi a pa previzib ditou nan fason moun k ap abize a fè l la. Yon timoun ki pa janm konnen ki lè yon moun li sou kont li ap vin vyolan fizikman, epi ki pa janm konnen nan ki limit moun li sou kont li an ap rive, pa gen kontwòl anyen.



# Lòt Chòk Twomatis yo Trete nan Kristi House

## VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY

Sa rive lè yon moun volontèman fè mal oswa menase pou l riske fè mal sou nenpòt patnè oswa konjwen li te gen anvan oswa kounye a. VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY souvan rive kòm yon modèl kontwòl ak konpòtman pou fose viktим nan. Taktik yo itilize nan VYOLANS PATNÈ ENTIM yo kapab fizik, seksyèl, finansyè, vèbal, oswa emosyonèl nan nati yo yon fason pou abize patnè a. Gen moun tou ki ka ap sibi aksyon tankou konjwen k ap veye yo, teworize yo, blame yo, blese yo, imilye yo, manipile yo, ak izole yo yon fason entansyonèl pou yo pa jwenn sipò sosyal ak fanmi. VYOLANS PATNÈ ENTIM ka varey nan frekans ak nivo grav li.

Timoun yo souvan viktим kache oswa silans ki gen nan VYOLANS PATNÈ ENTIM, epi gen kèk ki sibi sa a dirékteman, pandan gen lòt yo se temwen ki ap fonksyone ak laperèz. Yon move konsepsyon moun souvan genyen se si yon timoun pa t dirékteman temwen abi a, pa gen okenn enpak sou yo lè yo ap viv yon kote ki gen VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY. Malgre timoun yo pa temwen dirèk VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY, yo souvan konnen sa egziste nan tande goumen, pale anpil ak menas, lè yo temwen mal k ap fèt ki vin apre oswa reyakson emosyonèl ak konpòtman viktим granmoun yo nan yon ka kote k te gen abi, lè yo wè bagay ki kraze oswa domaje alantou kay la, elatriye. Kòm pwen santral sekirite timoun yo se moun yo sou kont yo a, lè sekirite yon moun yo sou kont li a an danje, sans sekirite timoun yo ka vin menase tou. Reyakson

timoun yo lè gen ka VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY sanble ak lòt kalite twomatis, sepandan, gen kèk diferans tankou:

- Ogmantasyon enkyetid yo genyen si yo ta vin separe ak yon paran
- Gwo enkyetid sou sekirite yo oswa sekirite yon paran
- Konpòtman agresif
- Yo pa ale lekòl oswa yo absan pou yo kapab pa separe ak moun yo sou kont li a

Mete sou efè fizik, konpòtman, sikolojik, ak entèlektyèl sa yo, timoun ki te bab sitiyasyon VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY souvan aprann lesон ki baze sou destriksyon konsènan itilizasyon vyolans ak pouvwa nan relasyon yo. Timoun yo ka aprann li akseptab pou egzèse kontwòl oswa soulaje estrès yo genyen lè yo itilize vyolans, oswa vyolans se yon bagay ki lye ak ekspresyon entimite epi afeksyon nan yon fason.

Li enpòtan pou viktим VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY yo chèche konsèy sou fason ki san danje pou yo rive kite yon relasyon ki baze sou abi. Gen sipò kominoté pou ede viktим yo, tankou sipò ak bezwen finansye ak debaz ki kapab se rezulta separasyon an. Li enpòtan tou pou viktим VYOLANS PATNÈ ENTIM/VYOLANS NAN KAY ki gen timoun sou kont li an chèche sipò pou sante mantal li nan lide pou l rezoud twomatis yo, paske li kapab afekte sante mantal, sante fizik ak konpòtman li antanke paran.



# Lòt Chòk Twomatis yo Trete nan Kristi House

## ENTIMIDASYON

Entimidasyon se yon aksyon volontè epi ki pa swete yon moun fè nan entansyon pou l fè lòt moun ki souvan parèt gen mwens fòs mal sosyal, emosyonèl, fizik, ak/oswa sikolojik.



## ABI SIKOLOJIK

Abi Sikolojik se yon modèl konpòtman kote moun ki komét zak la ensilte, imilye, epi jeneralman fè yon moun pè pou l ka kontwole li. Reyalite moun nan ka vin defòme lè yo fè l konprann abi a se yon reprezentasyon pwòp echèk li. Abi emosyonèl ak abi fizik pafwa rive an menm tan, men se pa toujou konsa Abi emosyonèl, sepandan, souvan parèt anvan vyolans fizik, kote sa li menm kòmanse sèlman apre taktik atak emosyonèl moun k ap fè move zak la pa rive kontwole konpòtman yon moun.

## VYOLANS NAN KOMINOTE A

Vyolans nan kominote a se lè moun ap sibi zak vyolans moun ak moun nan yon fason entansyonèl epi se moun ki pa gen rapò intim ak viktim nan ki ap fè vye aksyon sa yo nan zòn publik. Kalite vyolans kominotè komen ki gen enpak sou jèn yo se vyolans tankou konfli endividiyèl ak gwoup (egzanp, entimidasyon, awfowntman nan mitan gang ak lòt gwoup, tire nan zòn publik tankou lekòl ak kominote, gè sivil nan peyi etranje oswa kondisyon "tankou lagè" nan vil Etazini yo, atak britsoukou oswa teworis).

Viv ak vyolans kwonik nan kominote a kapab ase pou retire sans sekirite a lakay timoun yo, mete yo nan yon "mòd sivivan," fè yo pare pou y al batay oswa chape. Ekspozisyon vyolans nan kominote a kapab afekte pèspektiv timoun yo sou lavni ak sans kontwòl yo.

## DEZAS NATIRÈL

Katastwòf natirèl yo se bagay tankou sìklòn, tranblemanntè, tònad, dife nan forè, tsounami, ak inondasyon, ansanm ak evènman move tan tankou tanpèt, sechrès, chalè ekstrèm, ak sìklòn. Evènman sa yo ka lakòz anpil advèsite pou timoun ak fanmi yo, tankou deplasman, pèt kay ak pwopriyete pèsyonèl, chanjman lekòl, difikilté ekonomik, pèt sipò kominotè ak sosyal, e menm domaj fizik ak lanmò moun yo renmen.



# Lòt Chòk Twomatis yo Trete nan Kristi House

## PÈT PWOMATIK AK SEPARASYON

Separasyon kwonik oswa lanmò yon moun ki gen timoun sou kont li ka yon gwo pwoblèm pou yon timoun. Tou depan de sikonstans yo ak siyifikasyon yo, timoun nan ka pase etap separasyon sa yo ak anpil twomatis. Evènman sa yo ka parèt britsoukou, pèsòn ka pa atann ak yo, epi yo ka pwolonje, yo ka menm akonpaye pa lòt evènman estrès ki ampile youn sou lòt.

Sitiyasyon kote separasyon yon timoun ak paran oswa moun k ap pran swen l lan gen posibilité pou l twomatik yo se sitiayson tankou: anprizonman paran, imigrasyon, depôtasyon paran, deplwaman militè paran, ak revokasyon dwa paran yo.

## ESTRÈS TWOMATIK LAKAY TIMOUN

Timoun ki soufri estrès twomatik lakay timoun yo se timoun ki te ekspose a youn oswa plizyè chòk twomatik pandan lavi yo epi ki vin devlope reyaksyon ki pèsiste epi ki afekte lavi chak jou yo apre evènman sa yo fin pase. Reyakson twomatik yo kapab se yon varyete repons, tankou:

- Kòlè emosyonèl entans epi ki pèmanan, sentòm depresyon oswa enkyetid
- Chanjman konpòtman, difikilte nan oto-règlementasyon, ak pwoblèm konpòtman
- Pwoblèm ki gen rapò ak lòt moun oswa ak kreyasyon attachman

- Regresyon oswa pèt konpetans ki te deja la
- Difikilte pou atansyon ak difikilte akademik
- Kochma, souvni pèsistan sou twomatis la
- Difikilte pou dòmi ak manje
- Sentòm fizik, tankou doulè ak sansasyon doulè
- Timoun ki pi gran yo kapab konsome dwòg oswa alkòl, yo ka konpòte yo yon fason ki riske, oswa yo ka angaje yo nan aktivite seksyèl ki pa bon pou sante yo, epi/oswa yo ka angaje yo nan konpòtman ki fè tèt yo mal, tankou blese tèt yo.

San tretman, timoun ki plede ap sibi nan evènman twomatik kapab afekte sévo yo ak sistèm nève yo epi sa ka ogmante konpòtman ki gen risk pou sante (pa egzanp, fimen, maladi manje, itilizasyon sibstans, ak aktivite ki gen gwo risk). Rechèch yo montre timoun ki siviv chòk twomatik yo ka gen plis chans pou yo gen pwoblèm sante alontèm (pa egzanp, dyabèt ak maladi kè) oswa pou yo mouri pi bonè si pa gen tretman. Sivivan adilt nan evènman twomatik yo ka gen difikilte tou pou yo tabli bon relasyon epi kenbe anplwa yo.

An rezime:

Pa kite  
estrès  
twomatik  
timoun yo  
sibi yo san  
tretman!



Kristi House la pou ede.



Timou-n prèske pa jan-m pale de abi seksyèl pou yo pa kreye pwoblèm.

Le pli souvan, yo pè pale pou yo pa fè mou-n fache avèk yo. Li trè difisil pou pi fò timou-n pou yo rapòte abi.

### ***Kèk bagay ou kapab di...***

- Mwen kwè ou.
- Se pa fòt ou.
- Mwen regrett sa rive ou.
- Sa kon-n rive lòt timou-n tou.
- Mwen fache, men se pa avè-w.
- Mwen kontan ou pale sa.
- Mwen fache avèk mou-n ki fè sa-a.
- Map pran swen ou.
- Mwen pa two kon-nen ki sa ki pral pase aprè.
- Ou pa bezwen okipe-w de mwen.
- Ou kapab wè map kriye paske-m tris, men pa gen pwoblèm.
- Mwen pa kon-nen pou ki sa mou-n nan fè sa.
- Ou ka toujou ren-men yon mou-n men rayi sa yo fè.



## **Kèk bagay ou kapab fè:**

- Retounen nan yon vi nòmal osito ke posib.
- Asire-w ke pitit ou resevwa terapi.
- Pwoblèm yo ke abi-a koze pou ou ak pitit ou pap disparèt paske ou inyore yo.
- Chache èd pou tèt ou. Ou pa oblje fèl pou kont ou.
- Anseye pitit ou prensip sekirite pèsonèl. Lè yo santi yo pa alèz avèk yon mou-n yo ta dwe...

**Pale sa.**

**Deplase.**

## **Di yon granmou-n yo fè konfyans sa.**

- Fè atansyon pou ou pa poze pitit ou twòp kesyon. Si pitit ou vle pale de sa, tandem li avèk atansyon, men pa pouse li.
- Pa kite pitit ou ansan-m avèk mou-n yo sispek ki fè abi-a. Pa jan-m kite timou-n ou pou kont li avèk mou-n sa-a.
- Evite diskite ka-a avèk lòt viktim ou byen fanmi yo.
- Pa jan-m montre pitit ou ki sa pou-l di ou fè.
- Ankouraje yo di la verite.
- Sonje pou-w bay atansyon a lòt timou-n ou yo.

Bagay ki pi enpòtan ki va afekte jan ke pitit ou geri se nivo sipò ke ou ba yo.



## Kòman ou Santi ou

Lè yon timou-n rapòte yon abi, paran yo kapab santi plizyè diferan emosyon. Rapò-a ka afekte la vi ou nan plizyè fason. Pi ba-a men kèk panse ak jan mou-n santi yo paran yo kapab genyen lè yo apran-n abi pitit yo sibi.

### Nye.

Lè yon timou-n rapòte ke yon mou-n paran li ren-men ou byen konfye abize li premye reyakson-an kapab se pa kwè ke abi-a fèt vre. Yon paran kapab pa ka aksepte ou byen kapab kwè ke pat gen gwo domaj ki fèt. Paran dwe kon-nen ke se raman timou-n fè manti konsènan abi.

### Kolè.

Pafwa paran yo kapab santi yo fache ak tèt yo dèsk yo pat pwoteje pitit yo. Yo kapab santi yo fache avèk mou-n ki abize pitit yo-a. Yo kapab men-m santi yo fache avèk pitit yo-a. Paran yo dwe pataje sa yo santi avèk yon man-m fanmi yo fè konfyans, yon zanmi, ou konseye pwofesyonèl.

### Pa gen anyen ki ka fèt.

Paran yo pafwa santi ke yo pèdi kontwol bagay yo. Kèk paran ka pè pou yo pa pran pitit yo nan men yo. Li enpòtan pou ou travay avèk pwofesyonèl yo nan sant la e fè yo kon-nen ki pwoblèm ou.





## Chòk ak repiyans.

Paran yo ki gen déjà istwa abi nan pwòp la vi yo le pli souvan gen panse trè negatif lè men-m bagay yo rive pitit yo. Paran yo ka bezwen travay avèk yon terapis pou yo kapab gen la viktwa sou reyakson emosyon akoz abi.

## Santiman koupab.

Paran yo ka santi ke se fòt yo, men se mou-n ki fè abi-a ki responsab, se pa ou. Pi bon bagay ou ka fè se sipòte pitit ou epi apran-n jan ou ka amelyore bagay yo.





## Pran Swen Tèt ou

Wap travèse yon moman trè difisil, e li posib ke ou santi anpil presyon kap soti toupatou. Byen ke wap eseye pran swen plizyè lòt mou-n, ou bezwen tou pran swen tèt ou. Byenèt ou trè zenpòtan. Ou bezwen jwen-n tan pou-w fè yon bagay pou ou sèlman e ou bezwen planifye pou-w fè-l regilyèman. Sa kapab difisil pou fèt men sa nan pi bon enterè ou men-m ak pitit ou.

Lè ou planifye pwòp tan ak espas ou sa kapab ede ou gen yon sans de kontwol. Pran tan pou-w pran swen tèt ou.

- Deside ki sa-w ta renmen fè.
- Planifye tan pou tèt ou.
- Ekri lè avèk kote-a
- Di nenpòt mou-n ki dwe kon-nen ki bò wap ye e ki lè wap retounen.
- Regle tout detay tankou swen timou-n ak transpòtasyon.
- Bay tèt ou plezi.



***Men kèk sikjesyon pou aktivite: al fè yon ti mache,  
al manje ak yon zanmi, al nan sinema,  
ou byen al pran yon kou ekzèsis.***

***Sa ki pi enpò- tan, antre nan yon gwoup de sipò.  
Pale avèk lòt paran kapab vrèman plis  
ede-w santi ou pa pou kont ou.***



## Isit la nan Kristi House Children's Advocacy Center, gen kèk bagay k ap fè pou amelyore repons sistèm legal la nan abi sou timoun.

Pafwa, yo ka mande- w pou-w tan-n pan-dan ke yap kesyone pitit ou. Lè yo kite-w dèyè nan sa kap fèt la kapab fè-w santi ou pa twò enpòtan. Dayè ou kapab se mou-n kle ki kapab ede pou konpran- n sa-k te pase-a. Sepandan, nan prezans ou, pitit ou-a kapab pa vle di dè detay enpòtan paske li kapab pa vle ofanse ou. Pi fò mou-n ki fè entèvyou yo va pran tan pou asire yo ke pitit ou santi li konfòtab men-m si-w pa la. Yap di timou-n nan ki bò ou ye e ke wap disponib sizanka yo bezwen ou. Yo va pale avèk ou tou aprè ke entèvyou avèk pitit ou-a fini.


Pwosesis legal la pafwa avanse dousman. Bagay yo kapab pran dè mwa ou men-m dèzane pou yo fèt. Yo kapab chanje sou chanje dat randevou tribunal yo e lè sa-a pap gen anyen wap ka fè. Li pi bon pou ou kola- bore avèk ekip la pou ka jwen-n pi bon rezulta pou ou ak pitit ou. Lè yo tap mete sistèm legal la sou pye yo pat gen pwoblèm Timou-n nan tèt yo. Dwa timou-n ki viktim nan mwens defini ke dwa mou-n yo akize de abi-a. Isit nan sant la gen bagay kap fèt pou amelyore repons sistèm legal la bay a abi sou timou-n.





Dwa timou-n ki viktim nan mwens defini ke dwa mou-n yo akize de abi-a. Isit la nan sant la gen bagay kap fêt pou repons sistèm legal la bay abi sou timou-n.

- **Pwofesyonèl yo prepare sou sa ki konsène abi sou timou-n.**
- **Kantite fwa yon timou-n bezwen di sa-k te pase-a ap redwi.**
- **Ajans ki konsène yo ap kowòdone sèvis yo.**
- **Timou-n ak fanmi ka resevwa sèvis terapi ak konsèy diran pwosesis legal la.**
- **Yon Gadyen ad Litem kapab delege pou reprezante pi bon enterè timou-n nan.**



Kristi House te kreye liv gid ak video sa a pou ede prepare timoun yo ak responsab timoun yo pou tribinal la. Videyo a, ki disponib nan lang anglè, panyòl ak kreyòl ayisyen, bay yon apèsi sou divès pwofesyonèl ki gen nan tribinal la ak wòl yo nan pwosedi a.



## Men kèk apèsi kijan pou travay ak pwofesyonèl yo nan sistèm nan.

- **Rete kalm e bay ptit ou asirans.** Pa montre ptit ou ki sa pou-l di. Li enpòtan pou ke se timou-n nan ki di istwa-a nan pwòp mo pa li e nan lè pa li.
- Lè yo mande-w enfòmasyon bat **pou-w bay le pli de fè ke posib.** Kes yo chita sou 4 K: kilès, kisa, kilè e kibò. Pa devine si-w pa kon-n repons yon kesyon.
- Jan yon mou-n santi-l gen anpil enpòtans pou ede envestigatè konpran-n, poutèt **sa di jan-w santi-w ak pou** ki sa-w santi-w konsa.
- **Toujou onèt**, men-m si verite-a ka pa parèt favorab pou ou men-m ou byen pou ptit ou. A lalong lap pi bon pou ou.
- **Eseye pa reyaji twòp.** Se yon moman difisil e emosy- on yo monte wo. Pèdi kontwol ka fè kes la mal epi pase pye sou bezwen ptit ou.
- **Renmen, sipòte e pwoteje ptit ou a tou pri.** Si mou- n ki ta fè zak la se yon mou-n enpòtan pou ou, li kapab difisil pou-w balanse jan-w santi-w a lega mou-n sa-a avèk bezwen pou-w pwoteje ptit ou. Sonje ptit ou-a gen sèlman ou pou fè bon jan desizyon pou pwoteje li.
- **Kowopere.** Ou kapab santi ke envestigatè yo ap antre twòp nan vi prive-w, men sa nesesè pou kes la e pou byenèt ptit ou-a. Pi bonè fè yo soti, se pi bonè kes la ka rezoud e ou ka retounen nan yon vi nòmal.



## ***Li pi bon pouw onèt e dirèk avèk piti ou.***

Valè sa ou eksplike depan-n de laj pitit ou-a e sa ke li ka kon-pran-n. Sa ki pi empòntan-an se fè timou-n nan konnen ke ou fyè de li paske li brav.

Lè kes la fini ou ka santi-w desi, ou kapab pase yon peryòd depresyon. Sa rive a majorite paran. Men-m si rezulta-a pozitif. Si timou-n ou tandem ou eksprime desepsyon li kapab panse ke se li ki desi ou.

Olye de sa, chache jwen-n yon bon zanmi ke ou kapab pataje sa-w santi avèk fristrasyon-w avè-l.

Sonje, ou fè tout sa-w kapab pou-w eseye anpeche plis abi fèt sou pitit ou e ran-n mou-n ki fè abi-a respons- ab pou sa-l te fè-a. Men-m si yo te kite kes la, sa se yon gwo akonplisman.





## Ki sa Pou-w di Lòt Mou-n

***Yon-n nan defi ki va devan fanmi ou se va ki  
sa pou di lòt mou-n konsènan abi-a.***



Pitit ou-a ka santi li anbarase e koupab. Si ensidan-a pat sot nan la ri ou ka deside ki mou-n wap di sa. Fè pitit ou kon-nen ak ki paran ak zanmi ou pral diskite sa epi pèmèt pitit ou patisipe nan chwa mou-n wap di sa.

Kèkfwa se pa ou ki premye mou-n ki apran-n abi-a. Ou kapab santi sa fè-w mal ke yon lòt mou-n te kon-nen avan-w. Sepandan, ou dwe konpran-n ke pitit ou petèt tap eseye pwoteje-w lè-l al pale ak yon lòt mou-n. Petèt pitit ou-a te panse ke mou-n sa-a tap kapab di- ou sa nan yon fason kap fè-w mal mwens.

Si-w gen bon relasyon avèk fanmi-w, san dout wap bezwen pale avèk yo knosènan abi pitit ou-a e kòman sa afekte fanmi-w. Li enpòtan pou-w sonje ki jan fanmi sa yo kon-n reyaji fas a sitiyasyon difisil. Si-w konnen yo pral reyaji nan yon fason negatif, petèt ou pa dwe pataje enfòmasyon-an avèk yo, amwenske sa devni nesese. Li enpòtan pou-w mentni vi prive pitit ou. Yon lòt bò, pran prekosyon pou-w pa fèl vi-n yon sekrè ki fè wont. Sonje ke pitit ou pat fè anyen ki mal.



## BIWO YO

Pifò sèvis yo kòmanse nan lokal prensipal Children's Advocacy Center Kristi House la kote ajans asosye yo plase tou. Apre sa, gene spas nan katye a ki disponib pou randevou ak Terapis epi Defansè Fanmi nou yo.

### Kristi House Main Office

1265 NW 12th Avenue  
Miami, Florida 33136  
305-547-6800

### Project GOLD Drop-In Center

Pwogram Prevansyon Trafik Séks  
305-547-6850

### Miami Gardens

111 NW 183 Street  
Suite 304  
Miami Gardens, FL 33169  
305-547-6870

### Palmetto Bay

8925 SW 148 Street  
Suite 213  
Miami, FL 33176  
305-547-6890

### Homestead

Campbell Shoppes  
2008 NE 8 Street  
Homestead, FL 33033  
305-547-6810

## KRISTIHOUSE.ORG

Nan Florid, nenpòt moun ki konnen, oswa ki gen rezon rezonab pou sispek, ke yon paran, yon moun ki responsab legal, moun k ap bay swen oswa yon lòt moun ki responsab pou byennèt timoun nan abize, neglige oswa abandone yon timoun dwe imedyatman rapòte konesans sa a oswa sispek yo bay. Liy Dirèk pou Abi Depatman Timoun ak Fanmi Florid.

**1.800.96ABUSE • ReportAbuse@dcf.state.fl.us**

**Pwomès nou bay fanmi yo:** Tout sèvis Kristi House yo 100% gratis pou timoun ak fanmi yo, sa posib gras ak moun bon kè ki fè don epi tou gras ak antite sa yo ki bay sipò sibvansyon pou pwogram ak sèvis nou yo:

